

Fich Enfòmasyon sou Estatistik Aktyalize Konsènan Maladi Kè ak Estwòk pou Ane 2026- Global Burden of Disease

Mizajou Estatistik pou Ane 2024, 2025 ak 2026 lan tout genyen done sou etid Global Burden of Disease yo pou ane 2021. Kèk estimasyon global anba a (apati Dènye Estatistik pou Ane 2025 ak 2026 la) refilete estimasyon ki lejèman diferan nan dènye Estatistik ki genyen pou ane 2024 la akòz amelyorasyon nan demografi ak estimasyon popilasyon an, metòd modelizasyon estatistik ak jeyospasyal, ak ogmantasyon prèske 3000 sous nouvo done depi dènye Estatistik American Heart Association te pibliye pou ane 2024 la.

Tout done ki prezante nan fich enfòmasyon sa a reprezante done mondyal yo.

Maladi Kadyovaskilè (CVD)

- Nan lane 2021, yo te atribiye anviwon 19.41 milyon ka lanmò nan monn lan ak CVD. To mòtalite global ki estandadize selon laj ki te asosye ak CVD se te 235.18 pou chak 100 000. Prevalans global CVD a te 612.06 milyon. To prevalans ki estandadize selon laj ki asosye ak CVD se te 7178.73 pou chak 100 000.
- To mòtalite ki pi wo yo kapab atribiye ak CVD nan lane 2021 an te nan Azi Santral ak Lès Ewòp, avèk nivo elve yo te remake pou Oseyani tou, Afrik Dinò ak Mwayèn Oryan, ak Afrik Sibsarayèn Santral. To yo te pi ba pou Azi Pasifik ak Ostralazi ki gen revni ki wo.

Maladi Kè Kowonaryen (CHD)

- Nan tout monn lan, yo te estime nan lane 2021, 254.28 milyon moun t ap viv ak maladi kè iskemik (IHD), epi yo te plis jwenn li lakay gason pase fanm (145.31 ak 108.97 milyon moun, yon fason respektif). To prevalans ki estandadize selon laj la se te 2946.38 pou chak 100 000 (3610.24 pou chak 100 000 lakay gason; 2357.61 pou chak 100 000 lakay fanm).
- Nan lane 2021, Afrik Dinò ak Mwayen Oriyan te genyen to prevalans IHD ki pi wo pami rejyon IHD yo, apre sa se te Ewòp Lès ak Azi Disid ak Azi Santral.
- Yon estimasyon 8.99 lanmò antou akòz IHD te rive nan tout monn lan nan lane 2021, avèk yon kantite lanmò ki plis elve lakay gason pase fanm (5.00 milyon epi 3.99 milyon, yon fason respektif). Nan lane 2021, to mòtalite IHD global ki estandadize selon laj la te 108.73 pou chak 100 000 (136.84 pou chak 100 000 lakay gason yo; 85.32 pou chak 100 000 lakay fanm yo).
- To mòtalite IHD yo te pi wo pou Azi Santral, Ewòp Lès, ak Afrik Dinò ak Mwayen Oriyan an. To mòtalite a te pi ba pou Azi Pasifik kote ki gen gwo revni yo.

Estwòk

- Prevalans mondyal pou estwòk nan lane 2021 te 93.82 milyon moun, tandiske prevalans pou estwòk iskemik te 69.94 milyon, prevalans pou emoraji entraserebral te 16.60 milyon, epi prevalans pou emoraji sou-araknoid te 7.85 milyon. To prevalans global ki estandadize selon laj nan lane 2021 an te 1099.31 pou chak 100 000 pou estwòk, 819.47 pou chak 100 000 pou estwòk iskemik, 194.51 pou chak 100 000 pou emoraji entraserebral, epi 92.17 pou emoraji sou-araknoid.

Chaj Mondyal pou Maladi-Fich Enfòmasyon Estatistik pou

- An jeneral, nan lane 2021, to prevalans pa laj pou estwòk la te pi wo pou Afrik sibsararyèn ak Lès, Sidès, ak Azi Santral. Se Ostralazi ki te gen to ki pi ba a.
 - Prevalans pa laj pou estwòk iskemik te pi wo pou Afrik sibsararyèn sid, apre sa Afrik sibzaaryèn lwès ak Lès Azi ak Azi Santral.
 - Prevalans pa laj pou emoraji entraserebral te pi wo pou Afrik sibzaaryèn lwès, Sidès Azi, Oseyani, ak Azi pasifik kote ki gen gwo revni yo.
 - Prevalans emoraji sou-araknoyid pa laj te pi wo pou Azi Pasifik kote ki gen gwo revni ak Amerik Latin Andin yo.
- Nan lane 2021, te genyen 7.25 milyon ka lanmò yo atribye ak estwòk nan tout monn lan. Globalman, yon total 3.59 milyon moun te mouri akòz estwòk iskemik, 3.31 milyon moun te mouri akòz emoraji entraserebral, epi 0.35 milyon moun te mouri akòz emoraji sib-araknoyidyen.
- Nan lane 2021, to prevalans global ki estandadize selon laj la te 87.45 pou chak 100 000 pou estwòk total, 44.18 pou chak 100 000 pou estwòk iskemik, 39.09 pou chak 100 000 pou emoraji entraserebral, epi 4.18 pou 100 000 pou emoraji sou-araknoyid.
- Nan lane 2021, to mòtalite nòmalize pa laj pou estwòk te pi wo pou Oseyani ak Sid Azi. To yo te pi wo pou Ostralazi ek Lwès Ewòp.
 - To mòtalite pa laj yo kapab atribye ak estwòk iskemik te pi wo pou Lès Ewòp, apre sa Afrik Dinò ak Mwayen Oriyan ak Azi Santral. To mòtalite a te pi ba pou Ostralazi.
 - Emoraji entraserebral ki estandize selon laj la te pi wo pou Oseyani, apre sa Azi Sidès ak Lès ak Afrik sibzaaryèn santral ak oryantal.
 - To mòtalite pa laj yo estime pou emoraji sib-araknoyidyen te pi wo pou Oseyani, apre sa Azi Sidès ak Amerik Latin Andin.

Tansyon Wo

- Tansyon sistolik ki elve te asosye ak 10.85 milyon lanmò nan tout monn lan nan lane 2021. To mòtalite global ki estandadize selon laj ki te asosye ak tansyon wo a te 131.10 pou chak 100 000.
- To mòtalite ki estandadize selon laj yo ka atribye ak tansyon sistolik elve te pi wo pou Azi Santral, apre sa Lès Ewòp, Afrik sibzaaryèn santral, ak Afrik Dinò ak Mwayen Oriyan an.
- Nan lane 2019, tansyon wo te 1 nan 5 faktè risk prensipal pou chaj maladi a (lane lavi ki pèdi akòz mòtalite prematire ak ane lavi ki ajiste selon andikap) nan tout rejyon nan monn lan eksepte Oseyani ak Afrik lès, santral, ak Afrik sibzaaryèn lwès.

Kolestewòl Elve nan San ak Lòt Lipid

- Nan lane 2021, to wo kolestewòl lipopwoteyin fèb dansite te responsab 3.65 milyon ka lanmò nan tout monn lan. To mòtalite nan tout monn lan selon laj nan lane 2021 yo kapab atribye ak to elve kolestewòl lipopwoteyin fèb dansite te 43.67 pou chak 100 000.
- Nan lane 2021, to mòtalite ki estandadize selon laj yo kapab atribye ak to wo kolestewòl lipopwoteyin fèb dansite te pi wo pou Lès Ewòp, apre sa Azi Santral ak Afrik Dinò ak Mwayen Oriyan.

Tabak

- Tabak, selon yon estimasyon, te lakòz 7.25 milyon ka lanmò nan tout monn lan nan lane 2021 (5.68 gason ak 1.57 milyon fanm). To mòtalite ki estandadize selon laj nan tout monn lan akòz tabak nan ane 2021 an se te 85.66 pou chak 100 000.
- Selon done 2021 yo, Lès Azi ak Oseyani te genyen to mòtalite ki pi wo yo kapab atribye ak tabak. Amerik Latin Andin te gen to mòtalite ki pi ba.
 - Etid Global Burden of Disease la te estime nan lane 2021, fimen te dezyèm risk prensipal nan kantite lane moun pèdi nan lavi yo akòz mòtalite anvan lè (presyon sistolik wo se te nimewo 1), epi fimen te klase kòm katriyèm nan faktè risk pou kantite ane moun pèdi nan lavi yo oswa kantite lane yo pase ap viv ak yon andikap nan tout monn lan.

Aktivite Fizik

- Fèb aktivite fizik te asosye ak yon estimasyon 0.66 milyon ka lanmò nan tout monn lan nan lane 2021. To mòtalite ki estandadize selon laj nan tout monn lan kapab atribye ak fèb aktivite fizik nan ane 2021 an te 7.99 pou chak 100 000.
- To mòtalite yo kapab atribye ak fèb aktivite fizik nan rejyon yo te pi wo pou Afrik sibzaaryèn sid, Afrik Dinò ak Mwayen Oriyan an, ak Oseyani nan lane 2021. To mòtalite yo te pi ba pou Azi Pasifik ak sid Amerik Latin kote ki gen gwo revni yo.

Twòp Pwa oswa Obèz

- Endèks mas kò ki elve te asosye ak 3.71 milyon lanmò nan tout monn lan nan lane 2021. To mòtalite ki estandadize selon laj nan tout monn lan kapab atribye ak endèks mas kò ki elve nan ane 2021 an te 44.23 pou chak 100 000.
- Selon done 2021 yo, to mòtalite ki estandadize selon laj yo ka atribye ak endèks mas kò ki elve pami rejyon yo te pi ba pou Azi Pasifik kote ki gen gwo revni yo epi te pi wo pou Afrik sibzaaryèn sid, Afrik Dinò ak Mwayen Oriyan, ak Oseyani.

Dyabèt

- Selon done mondyal pou ane 2021 an, 525.65 milyon moun (270.84 milyon gason epi 254.81 milyon fanm) te fè dyabèt. Prevalans pa laj pou dyabèt nan tout monn lan te 6123.59 pou chak 100 000.
- Yo te estime prevalans pa laj pou dyabèt nan lane 2021 nan rejyon yo te pi wo pou Oseyani, apre sa Afrik Dinò ak Mwayen Oriyan, Karibeyen, ak Amerik Dinò ki gen gwo revni yo.
- Nan lane 2021, te genyen 1.66 milyon lanmò akòz dyabèt nan tout monn lan. To mòtalite ki estandadize selon laj nan tout monn ki kapab atribye ak dyabèt nan ane 2021 an te 19.61 pou chak 100 000.
- To mòtalite ki estandadize selon laj yo kapab atribye ak dyabèt te pi wo pou Oseyani, apre sa Afrik sibzaaryèn sid. To yo te pi ba pou Azi Pasifik kote ki gen gwo revni yo.
- Nan lane 2021, te genyen 5.29 milyon lanmò nan tout monn lan ki kapab atribye ak glikoz plasman elve san manje. To mòtalite ki estandadize selon laj nan tout monn lan kapab atribye ak glikoz plasman elve san manje nan ane 2021 an te 63.73 pou chak 100 000.
- To mòtalite ki estandadize selon laj yo kapab atribye ak glikoz wo pou yon moun ki poko manje nan lane 2021 pami rejyon yo te pi wo pou Oseyani ki, apre sa sid ak Afrik sibzaaryèn santral ak Afrik Dinò ak Mwayen Oriyan an.

Chaj Mondyal pou Maladi-Fich Enfòmasyon Estatistik pou

Ou kapab telechaje fich enfòmasyon, enfografi, ak piblikasyon mizajou sou estatistik aktyèl/pase sou:

[Heart and Stroke Association Statistics | American Heart Association](#) (Sit entènèt an Anglè)

Anpil estatistik ki nan fich enfòmasyon sa a soti nan tablo ki pa pibliye ki konpile pou dokiman sou Mizajou Estatistik la e yo kapab site yo apati dokiman ki endike anba a. Sous done ki itilize pou tablo yo endike nan tout dokiman an. Anplis, kèk estatistik soti nan etid ki pibliye yo. Si w ap site nenpòt nan estatistik ki nan fich enfòmasyon sa a, tanpri revize tout dokiman Estatistik sou Maladi Kè ak Konjesyon serebral pou detèmine sous done yo ak sityasyon orijinal yo.

American Heart Association an mande pou site dokiman sa a jan sa a konsa:

Palaniappan LP, Allen NB, Almarzooq ZI, Anderson CAM, Arora P, Avery CL, Baker-Smith CM, Bansal N, Currie ME, Earlie RS, Fan W, Fetterman JL, Barone Gibbs B, Heard DG, Hiremath S, Hong H, Hyacinth HI, Ibeh C, Jiang T, Johansen MC, Kazi DS, Ko D, Kwan TW, Leppert MH, Li Y, Magnani JW, Martin KA, Martin SS, Michos ED, Mussolino ME, Ogungbe O, Parikh NI, Perez MV, Perman SM, Sarraju A, Shah NS, Springer MV, St-Onge M-P, Thacker EL, Tierney S, Urbut SM, Van Spall HGC, Voeks JH, Whelton SP, Wong SS, Zhao J, Khan SS; nan non Konsèy American Heart Association an sou Komite Estatistik Epidemyoloji ak Prevansyon an ak Komite Estatistik sou Estwòk la. Estatistik sou maladi kè ak konjesyon serebral nan lane 2026: yon rapò sou done Etazini ak mondyal American Heart Association. *Sikilasyon*. Pibliye anliy nan dat 21 Janvyè 2026.

Tanpri voye tout demann enfòmasyon medya yo bay News Media Relations nan <http://newsroom.heart.org/newsmedia/contacts> (Sit entènèt an Anglè)

Tanpri ale nan Mizajou Estatistik Konplè a pou w jwenn referans ak lòt enfòmasyon anplis pou estatistik ki deklare yo. Anpil estatistik nan fich enfòmasyon sa a soti nan: Institute for Health Metrics and Evaluation. Itilize avèk pèmasyon. Tout dwa yo rezève.

www.healthdata.org/gbd/about (Sit entènèt an Anglè).

©2026 American Heart Association, Inc. Tout dwa yo rezève. Yo entèdi itilizasyon ki pa otorize.